


PATIENT NEWSLETTER



CARE  THE PEOPLE



Vizit telesante w yo ap pran yon lòt figi - ak videyo fasil pou itilize!

Apati 19 me 2021, majorite vizit telesante w yo nan CHA ap itilize sistèm Mend lan. Platfòm senp e fyab sa a fasil pou itilize. Ale nan vizit ou a depi sou òdinatè w, telefòn ou oswa nenpòt lòt aparèy ki gen kamera ak mikwo epi koneksyon entènèt.

Selilè oswa tablèt: Chèche *mesaj tèks* CHA voye pou anvan vizit ou a. Sèlman klike sou lyen Mend ki nan SMS la kou lè randevou w la rive epi antre dat nesans ou.

Òdinatè biwo oswa laptop: Jwenn *yon imèl* CHA voye ba ou yon sèl jou a ak 30 minit anvan vizit ou. Jis klike sou bouton an rantr nan vizit la lè randevou ou rive ak antre nan dat ou fèt.

Lè w antre nan vizit ou a: W ap antre nan sal Byenvini Vityèl ou a. Founisè CHA pa w la ap vin jwenn ou touswit.

Vizite sit entènè CHA a sou www.challiance.org/telehealth epi klike sou “konsènan vizit videyo” pou w ka li fich konsèy Mend la. Li disponib nan plizyè lang. Mèsi paske w se pasyan CHA!



Ou bezwen yon vaksen COVID-19?

Nenpòt moun ki gen plis pase 12 lane ka pran vaksen kounye a nan Massachusetts.

Vaksinasyon san randevou disponib nan twa sant CHA pou rezidan Massachusetts: [Somerville Vaccine Center](#), no [Encore Boston Harbor nan Everett](#) ak [Tufts University](#). Nou rekòmande ke w pre-enskri [la a](#) oswa ak [MyCHART](#) (pou pasyan CHA), men w ka ale san randevou. [Klike la a pou](#) detay ak lè – [Nouvo èdtan pwolonje](#).

Woulib gratis disponib pou pasyan CHA selon bezwen. Tanpri rele liy ijans nou an nan 617-665-1995 pou plis enfòmasyon.

Sant vaksinasyon CHA ouvri pou piblik la. Di fanmi w ak zanmi w!



Konvèsasyon Vaksen

Alòske anpil moun ap resevwa vaksen COVID yo, ou gendwa genyen enkyetid toujou. Ann ede w pran yon desizyon. Sitwèb nou an gen videyo ak enfòmasyon ekip nou an prepare nan plizyè lang. [Paj resous Vaksen CHA a](#) jodi a.

AFTER HOURS CARE



Swen Ijan

Pafwa w gen bezwen sante oswa kesyon nan moman sant swen sante w fèmen [Swen Ijan](#) ouvri chak jou 9:00è a.m. rive 9:00è p.m.

Founisè k ap travay yo disponib pou kesyon medikal ijan sèlman apre lè travay. Jis rele sant swen w lan.

Si w gen yon bezwen ki pa ijan (pa egzanp: ranpli preskripsyon, randevou vaksen, oswa fòm) tanpri rele sant swen w lan pandan lè travay nòmal lajounen.



Obezite Timoun ak Pandemi a

Pafwa li difisil pou [ede pitit ou rete an sante](#) pandan pandemi an. Medsen CHA Wudeneh Mulugeta, MD, ak Bianca Shagrin, MD, te pale pa gen twò lontan ak pwogram zafè piblik WGBH [In It Together](#) sou fason pandemi an gen yon enpa sou obezite timoun. Nouvo etid Doktè Mulugeta se premye ki fè estimasyon konfinman COVID-19 sou obezite timoun nan Etazini.



Enfòmasyon sou Vaksen pou Kominote Ayisyen an

Mete w ak lòt manm kominote a nan dat 19 me pou yon fowòm nan lang Kreyòl Ayisyen: [enskri la a](#). Evènman sa a, ke Vil Cambridge, an patenarya ak Cambridge Health Alliance, ap prezante nou medsen asistan CHA Sonnley Ribourg, enfimyè Depatman Sante Piblik Cambridge Dominique Jean, ak Jean Jeune, ki se Kowòdonatè Sèvis pou Ayisyen nan Cambridge Multi Service Center. Se direktè pwogram gouvènman CHA Vanessa

Doleyres-Nazaire, MPH ki pral moderatè evènman sa a. Jwenn enfòmasyon sou vaksen yo, jwenn repons ak kesyon w yo, epi aprann sou lòt sipò ki disponib -- tankou jwenn yon woulib gratis pou randevou vaksen (pou pasyan CHA).